

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Basa mangrupa pakakas komunikasi antarmanusa dina hirup kumbuh di masarakat. Minangka pakakas komunikasi, basa kacida pentingna dina ngarojong sagala kagiatan hirup kumbuh di masarakat. Lamun euweuh basa, tangtu manusa bakal hésé komunikasi.

Dina pangajaran basa, aya opat kaparigelan basa. Éta opat kaparigelan basa téh nya éta kaparigelan ngaregepkeun, kaparigelan maca, kaparigelan nulis, jeung kaparigelan nyarita. Éta opat kaparigelan basa téh enas-enasna mangrupa hiji beungkeutan nu gembleng, mangrupa kaparigelan tina ngagunakeun basa.

Nulis mangrupa hiji cara pikeun ngayakeun komunikasi. Unggal manusa pasti miboga pamikiran atawa gagasan jeung kahayang nu kudu diwujudkeun sacara nyata. Cara ngawujudkeunana nya éta maké hiji pakakas, nya éta basa. Basa nu kaharti, puguh éntép seureuhna jeung écés alurna, jeung pamaksudanana ilaharna aya dina tulisan.

Istilah nulis sok disaruakeun jeung istilah ngarang. Tulis, nulis, lemesna nyerat, nyieun aksara atawa angka dina kertas jsté. Ngarang nya éta ngaréka carita ku basa lancar atawa dangdingan (Danadibrata, 2009, kc. 320).

Dina kanyataanana, siswa kelas VII hésé ngébréhkeun ide jeung ngalarapkeun kecap-kecap nu merenah kana wangun karangan. Ieu hal nu ngabalukarkeun pangajaran nulis téh dianggep hésé ku siswa. Kurangna minat kana nulis mangrupa hiji hal nu ngalantarankeun kurangna kamampuh siswa ngeunaan kabasaan jeung kaédah-kaédah nulis.

Pangajaran nulis karangan éksposisi ngabutuhkeun ide-ide jeung kecap-kecap nu merenah dina karanganna sangkan gampang kaharti ku nu maca éta karangan. Di dieu, tugas guru nya éta muka lawang pamikiran siswa sangkan

Riki Sugiarto, 2014

Média Kartu Kata Bergambar Dina Pangajaran Nulis Karangan Éksposisi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

leuwih aktif jeung kréatif dina mekarkeun ide-idenana ku cara ngirut minat siswa kana pangajaran nulis karangan éksposisi maké média nu hadé.

Dina ieu kasempetan, panalungtik nyobaan hiji hal pikeun ngirut siswa kana pangajaran nulis karangan éksposisi nya éta ku cara ngagunakeun média dina kagiatan pangajaran. Média nu digunakeun nya éta média kartu kata bergambar. Média *kartu kata bergambar* kaasup kana jenis média visual nya éta média *gambar diam*.

Ku digunakeunana média *kartu kata bergambar* dina pangajaran nulis karangan éksposisi, dipiharep siswa leuwih mikaresep pangajaran nulis karangan éksposisi jeung bisa ngaronjatkeun motivasi sarta kamampuh siswa dina nulis karangan éksposisi. Ku kituna, média *kartu kata bergambar* bisa dijadikeun alternatif dina pangajaran nulis karangan éksposisi sangkan tujuan dina pangajaran nulis karangan éksposisi bisa kahontal.

Panalungtikan ngeunaan kamampuh nulis éksposisi nu ngagunakeun média geus aya nu nalungtik, saperti: “Éféktivitas Média *Movie Maker* dina Pangajaran Nulis Karangan Éksposisi (Studi Kuasi Ékspérimén ka Kelas VII-A SMP Negeri Rawamerta Kabupatén Karawang Taun Ajaran 2012/2013)” ku Siti Fadillah Wafa.

Éta panalungtikan ngeunaan masalah nulis karangan éksposisi ngagunakeun média gambar bergerak (*slide*). Bédana jeung ieu panalungtikan nya éta média nu digunakeunana, média nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta média *kartu kata bergambar*. Dina *slide* ngan saukur gambar wungkul nu ditémbongkeun ka siswa, éta média hampir mirip jeung *picture and picture*, bédana *slide* mah ditémbongkeunana ngaliwatan proyéktor, *picture and picture* mah gambarna langsung ditémbongkeun ka siswa. Ari dina média *kartu kata bergambar*, si gambar dilengkepan maké tulisan, siswa bisa leuwih kairut batan gambar-gambar nu teu aya tulisan. Ku digunakeunana média *kartu kata bergambar*, dipiharep bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis karangan éksposisi.

Riki Sugiarto, 2014

Média Kartu Kata Bergambar Dina Pangajaran Nulis Karangan Éksposisi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Panalungtikan ngeunaan média *kartu kata bergambar* dina pangajaran nulis karangan éksposisi sacara umum can aya nu nalungtik. Ku kituna panalungtik hayang nalungtik ngeunaan média *kartu kata bergambar* dina pangajaran nulis karangan éksposisi.

Dumasar kana masalah di luhur, panulis manggihan yén média *kartu kata bergambar* bisa ngarojong pangajaran nulis karangan éksposisi di kelas VII. Ku kituna, panulis hayang ngayakeun panalungtikan, anu dirumuskeun dina judul “*Média Kartu Kata Bergambar dina Pangajaran Nulis Karangan Éksposisi (Studi Kuasi Ékspérimén ka Siswa Kelas VII B MTs Mohamad Toha Cimahi Taun Ajaran 2013/2014)*”.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dina nepikeun pangajaran nulis karangan éksposisi, kudu ngagunakeun média. Média *kartu kata bergambar* luyu pikeun ngarojong daya irut para siswa sangkan bisa ngahontal pangajaran nulis karangan éksposisi.

Dumasar kana éta kasang tukang, masalah anu baris ditalungtik nya éta kumaha pangaruh média *kartu kata bergambar* dina pangajaran nulis karangan éksposisi siswa kelas VII B MTs Mohamad Toha Cimahi taun ajaran 2013/2014.

Masalah nu ditalungtik di antarana ngawengku: (1) kualitas lingkup jeung eusi, (2) organisasi jeung tampilan eusi, (3) struktur kalimah, (4) ejaman, jeung (5) karapihan tulisan.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan masalah tadi, anu jadi masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- a) Kumaha kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VII B MTs Mohamad Toha Cimahi taun ajaran 2013/2014 saméméh ngagunakeun média *kartu kata bergambar*?

Riki Sugiarto, 2014

Média Kartu Kata Bergambar Dina Pangajaran Nulis Karangan Éksposisi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- b) Kumaha kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VII B MTs Mohamad Toha Cimahi taun ajaran 2013/2014 sabada ngagunakeun média *kartu kata bergambar*?
- c) Naha aya ngaronjatna kamampuh nulis karangan éksposisi siswa kelas VII B MTs Mohamad Toha Cimahi taun ajaran 2013/2014 antara saméméh jeung sabada ngagunakeun média *kartu kata bergambar*?
- d) Naha aya béda nu signifikan antara saméméh jeung sabada ngagunakeun média *kartu kata bergambar* dina pangajaran nulis karangan éksposisi siswa kelas VII B MTs Mohamad Toha Cimahi taun ajaran 2013/2014?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum, ieu panalungtikan miboga tujuan nguji luyu henteuna média *kartu kata bergambar* dina pangajaran nulis karangan éksposisi di SMP/MTs, jeung sangkan bisa digunakeun ku guru dina ngalaksanakeun jeung ningkatkeun prosés pangajaran anu baris dilaksanakeun, sarta mikanyaho téhnik pangajaran nulis nu kumaha anu dipikaresep ku siswa.

1.3.1 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan ngadéskripsikeun:

- a) kamampuh awal nulis karangan éksposisi siswa kelas VII B MTs Mohamad Toha Cimahi taun ajaran 2013/2014 saméméh ngagunakeun média *kartu kata bergambar*;
- b) kamampuh ahir nulis karangan éksposisi siswa kelas VII B MTs Mohamad Toha Cimahi taun ajaran 2013/2014 sanggeus ngagunakeun média *kartu kata bergambar*;
- c) ngaronjatna kamampuh nulis karangan éksposisi siswa MTs Mohamad Toha Cimahi antara saméméh jeung sabada ngagunakeun média *kartu kata bergambar*; jeung

- d) béda nu signifikan antara saméméh jeung sabada ngagunakeun média *kartu kata bergambar* dina pangajaran nulis karangan éksposisi siswa kelas VII B MTs Mohamad Toha Cimahi taun ajaran 2013/2014.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré hiji hal nu positip dina widang atikan basa Sunda jeung méré alternatif cara pangajaran ka guru dina nulis karangan éksposisi ngagunakeun média, utamana média *kartu kata bergambar*.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis tina ieu panalungtikan nya éta:

1) Mangpaat pikeun Siswa

Siswa bisa leuwih kairut minatna sarta aktif tur kréatif dina diajar nulis karangan éksposisi.

2) Mangpaat pikeun Guru

Guru bisa ngagunakeun média *kartu kata bergambar* dina pangajaran, hususna dina pangajaran nulis karangan éksposisi sangkan teu monoton.

3) Mangpaat pikeun Panalungtik

Nambahan élmu pangaweruh ngeunaan kamampuh siswa dina nulis karangan éksposisi saméméh jeung sanggeus ngagunakeun média *kartu kata bergambar*, meunang pangalaman nalungtik kamampuh siswa dina pangajaran nulis.

1.5 Sistematika Nyusun Skripsi

BAB I ngawengku kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, sarta sistematika nyusun skripsi.

Riki Sugiarto, 2014

Média Kartu Kata Bergambar Dina Pangajaran Nulis Karangan Éksposisi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

BAB II ngawengku tiori ngeunaan média kartu kata bergambar pikeun pangajaran, sarta nulis karangan éksposisi.

BAB III ngawengku métodé panalungtikan, wangenan operasional, instrumén panalungtikan jeung téhnik ngolah data.

BAB IV ngawengku analisis data.

BAB V ngawengku kacindekan jeung saran kana panalungtikan anu geus dilaksanakeun.

